

**IJAMBO RISHIKIRIJWE N'UMUKURU W'INAMA
NKENGUZAMATEKA, NYENITEKA EMMANUEL
SINZOHAGERA, MU KWUGURURA IBIKORWA VY'INYIGISHO
KU NDONGOZI KU BIJANYE NO KWIRINDA AMATATI
AJANYE N'AMATORA HAMWE NO KUBUMBATIRA AMAHORO
N'UMUTEKANO**

***Gitega, Sunrise Hotel, ku wa 11 Ruhuhuma
2025***

- ❖ Mwubahwa Muhuza w'Abarundi;
- ❖ Mwubahwa Cegera ca mbere c'Umukuru w'Inama Nkenguzamateka ;
- ❖ Mwubahwa Cegera ca kabiri c'Umukuru w'Inama Nkenguzamateka;
- ❖ Bubahwa Bashingamateka ;
- ❖ Bubahwa Bakenguzamateka ;
- ❖ Bubahwa bakozi bakuru murangurira imirimo mu Nama Nshingamateka na Nkenguzamateka;
- ❖ Bubahwa mwaserukiye Akanama kajejwe amatora CENI, CNIDH, CNC, atc
- ❖ Bubahwa ba buramatari;
- ❖ Bubahwa ba musitanteri;
- ❖ Bubahwa mwaserukiye ubushikiranganji bw'intwaro yo hagati mu gihugu;
- ❖ Bubahwa mwaserukiye amashengero;

- ❖ Bubahwa murongoye imigambwe;
- ❖ Bubahwa mwaserukiye inzego z’umutekano n’izo kwuvuna abansi;
- ❖ Bubahwa mwaserukiye urwego rw’ubutungane;
- ❖ Bubahwa mwaserukiye ishirahamwe ICM muriko mufasha muri iki gikorwa;
- ❖ Bubahwa mwaserukiye amashirahamwe yigenga;
- ❖ Bubahwa bamenyeshamakuru;
- ❖ Bubahwa mwese, umwe wese mu cubahiro Imana yamuhaye;

Tugire amahoro! Tugire amahoro, ubumwe, iterambere n’ubutungane kuri bose!

1. Imbere ya vyose, mudukundire tubanze dushimire Imana, Umuremyi wacu, yemeye ko tuvuyuka turi bazima, ndetse ikaba yadushoboje gushika muri kino kibanza. Tubasabe mudufashe tuyikengurukire mu kuyihunda amashi menshi cane.
2. Turabahaye rero ikaze muri kino kiyago aho tugiye gushikirizwa n’abahinga ku bijanye n’ingene twokwirinda amatati mu gihe c’amatora tukongera tukabandanya kubumbatira amahoro n’umutekano.

Bubahwa mwese,

3. Nk'uko musanzwe mubizi, Ibwirizwa Shingiro mu ngingo yaryo ya 7, rirerekana ko abenegihugu ari bo soko ry'ubutegetsu mu gihugu, ko ari bo bitorera ababaserukira ngo barangure amabanga y'intwari canke bakifatira bo nyene ingingo zirongora igihugu biciye mu matora. Vyongeye mu ngingo y'8, Ibwirizwa Shingiro riratomora ko umwenegihugu wese akwije ibisabwa n'amategeko afise uburenganzira bwo gutora kandi ko mw'itora ata jwi riruta irindi. Ariko naho biri uko, vyaribonekeje ko mu bihe vy'amatora hama hari uguhagarika imitima no kwitwara ukutariko ivyo navyo bigakwega umwumvikano muke mu gihugu hagati y'abonse rimwe.

4. Inama Nkenguzamateka rero yisunze ububasha ihabwa n'Ibwirizwa Shingiro mu ngingo yaryo y'192 mu gace ka 4, irafise uburenganzira bwo gutohoza ibikorwa mu ntwaro y'igihugu kandi bikenewe, igashikiriza ibikwiye gukorwa. Vyongeye Inama nkenguzamateka isabwa gukomeza ubumwe, umwumvikano hamwe n'ukunywana hagati y'abonse rimwe. Ni muri icyo ntubero rero, Inama Nkenguzamateka, ifatikanije n'ishirahamwe rukristo ICM, yabonye ko bikenewe ko yokoranya indongozi zitandukanye z'igihugu kugira ngo ziganire zongere zihanahane ivyiyumviro ku cikorwa kugira ngo twirinde amatati yoshobora kwiyadukiza imbere, hagati

cake inyuma y'amatora bigatuma amahoro n'umutekano bihungabana .

5. Turabashimiye rero kuba mwitavye ubutumire bwacu mukaza muri kino gikorwa c'iteka. Ibi vyerekana ko mushigikiye amatora meza, atekanye kandi atsimbataza intwaro ya demokarasi mu Burundi.

6. Iri shirahamwe rukristo ICM rero, riramaze gukorana vyinshi n'Inama Nkenguzamateka aho ryahaye inyigisho indongozi zitandukanye harimwo ba musitanteri ryongera rirahugura indongozi zikorera mu ntara ya Gitega hamwe n'abakozi bo mu Nama Nkenguzamateka. Tuboneyeho n'akaryo ko kurikengurukira kuko inyuma y'inyigisho batanze harabaye impinduka zikomeye ku buryo umurindi w'aba musitanteri baguma bakurwa mu mabanga kubera amakosa bakora wagiye uragabanuka.

Bubahwa mwese,

7. Tugiye ku vyerekeye amatora twimirije, twisunze ivyagiye biraba muri kahise, hagiye haribonekeza aho abayitavye bamwe bamwe bagiye baridodomba ko atagenze neza ndetse hakaba na bamwe banka kuyitaba ata mvo zumvikana zihari.

Mu ntumbero yo kuzitira ivyotuma hasubira kuba amatati ndetse bikanavamwo uguhungabana kw'amahoro n'umutekano, Inama Nkenguzamateka yobonye ko vyoba vyiza ikoranije aberwa n'ikibazo c'amatora kugira ngo tuzitire tutaronerwa. Ni co catumye rero ibisata nka vose vyogira ico bifashije kugira ngo amatora azogende neza vyatumiwe muri izi nyigisho z'uyu musi.

8. Ku bitwerekeye twashaka gutanga impanuro, cane cane ku banyeporitike, zijanye n'uko bokwigenza kugira birinde amatati. Aha tubahamagarira kwirinda imvugo zicanishamwo canke zirimwo ibitutsi, maze bakubahiriza amategeko agenga amatora hamwe n'ukwemera ico abenegihugu bazoba bahisemwo mu gutora.
9. Indongozi n'abajejwe intwaro namwe tubahamagariye ko mwomenya ko mwamize akabuye k'abagabo; mutegerezwa rero kudahengamira ku ruhande na rumwe, mwongere muze mwisunge amategeko mutibagiye no guhanura aho bizoba bikenewe hose.
10. Twashaka kandi dusabe abari mu murwi ujejwe amatora ko bofata kumwe abahiganwa Bose, bubahirize amategeko, bafate ingingo mu mwanya ubereye ata ka mwana wa mama.

Bubahwa mwese,

11. Mukurangiza, Inama Nkenguzamateka yakoranije mwebwe batumire bacu kuko tuzi neza ko inzego n'ibisata bitandukanye mwaserukiye bafise uruhara ntangere kugira amatora ategurwe yongera azogenda neza .Turabasavye rero ko mwoza guterera ivyiyumviro vyubaka mufatiye kuri kahise k'amatora mu Burundi n'ivyo mubona mu mirimo itandukanye murangura. Nta nkeka rero ko inyigisho tuza gushikirizwa hamwe n'ivyiyumviro tuza guhanana biza kwongerereza ubumenyi iwanyu bikazobafasha gukurikirana neza ibikorwa twimirije vy'amatora.Imbere yuko ibikorwa birangira,muraza kwerekana icokorwa kugira ngo amatora azogende neza kuko na kare imitwe ikora ikoranye kandi tubiri tuvurana ubupfu.
12. Tubipfuriye rero ibikorwa vyiza twongera dutangaza ko twuguruye icese ibikorwa vyo kuganira no kwungurana ubumenyi hagati y'indongozi ku bijanye no kwirinda amatati ajanye n'amatora hamwe no kubumbatira amahoro n'umutekano.

Murakoze, Imana ibahezagire!